**दिन–वृहस्पति** **दिनांक–21.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे भारत मे लोकतंत्रक एक प्राचीन आओर अखंड संस्कृति अछि। दक्षिण कोरियाक सियोल मे आयोजित लोकतंत्र शिखर सम्मेलन के वर्चुअल माध्यमे संबोधित करैत कहलनि जे सर्वसम्मति, सहर्ष बातचीत आओर स्वतंत्र चर्चा भारतक पहचान रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे एखन सँ किछु सप्ताह मे भारत लोकतंत्रक सभ सँ पैघ उत्सवक गवाह बनत। ओ कहलनि जे एक अरब मतदाता के मतदान करबाक संग ई मानव इतिहास मे सभ सँ पैघ चुनावी अभ्यास होयत। ओ कहलनि जे भारतक लोक एक बेर फेर लोकतंत्र मे अपन विश्वास जतौताह।

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरणक लेल नामांकनक दोसर दिन आई गया सुरक्षित सीट सँ एक निर्दलीय उम्मीदवार नामांकनक पर्चा भरलनि अछि। काल्हि अधिसूचना जारी होएबाक संगहि नामांकन काज आरम्भ भऽ गेल। उम्मीदवार अट्ठाईस मार्च धरि नांमाकन भरि सकैत छथि।

---

गया सुरक्षित लोकसभा सीट सँ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतन राम मांझी चुनाव लड़ताह। हम पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन ई घोषणा कयलनि। एनडीएक दिस सँ सीट बंटवारा मे हम पार्टी के गया सीट भेटल अछि। एम्हर, राष्ट्रीय जनता दल गया संसदीय क्षेत्रक लेल कुमार सर्वजीत के अपन उम्मीदवार घोषित कयल अछि।

---

निर्वाचन आयोग केन्द्र, राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश के रेलवे आ हवाई अड्डा एहेन सरकारी सम्पत्ति सँ सभ अनाधिकृत राजनीतिक पोस्टर सभ के तत्काल हटेबाक निर्देश देलक अछि। आयोग के कतेको पक्ष सँ शिकायत भेटि रहल अछि जे राजनीतिक विज्ञापन देशक

कतेको स्थान पर एखनहुँ प्रदर्शित कयल जा रहल अछि। निर्वाचन आयोग अपन निर्देशक अनुपालन नहि होयबा या आंशिक अनुपालन होयबा के गंभीरता सँ लेलक अछि।

———————————————————————

आम चुनाव के ध्यान मे रखैत निर्वाचन आयोग भ्रामक सूचनाक चुनौती सभ निबटबाक लेल पूरा तरहें तैयार अछि। भ्रामक सूचना सँ लोकतंत्रक प्रक्रिया के क्षति भऽ सकैत अछि। आयोग कड़गर दिशा निर्देश जारी करैत सभ हितधारक सँ जिम्मेदारीपूर्ण व्यवहार करबा आ सतर्क रहबाक आग्रह कयलक अछि।

———————————————————————

निर्वाचन आयोग इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय के व्हाट्सएप पर जारी विकसित भारत संदेश पर तत्काल प्रभाव सँ रोक लगेबाक निर्देश देलक अछि। आयोगक अनुसार आम चुनावक घोषणाक बादो नागरिक सभ के फोन पर एहेन संदेश भेटबाक कतेको शिकायत भेटल अछि। एकर उत्तर मे मंत्रालय आयोग के सूचित कयने छल जे पत्र, आदर्श आचार संहिता लागू होयबा सँ पहिने पठाओल गेल छल।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक हर हर महादेव चौक स्थित एक निजी बैंक सँ हथियारबंद अपराधी सभ बीस लाख टाका लूटि लेलक। पुलिस अधीक्षक मनीष कुमार जनौलनि जे पाँच के संख्या मे लुटेरा सभ हथियारक बल पर घटना के घटित कएलक। पुलिस मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि।

———————————————————————

भारतीय रिजर्व बैंक सभ बैंक के परामर्श जारी कयलक अछि जे ओ रवि दिन एकतीस मार्च कऽ अपन सभ शाखा खुजल राखए। ई परामर्श सरकारी प्राप्ति आ भोगतान सभ सँ संबंधित सभ बैंक के एकतीस मार्च कऽ लेनदेन सुनिश्चित करबाक लेल जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

राजस्थानक राजधानी जयपुर मे गैस सिलिंडर विस्फोट मे एकहि परिवारक पाँच लोकनिक मृत्यु भऽ गेल। एहि मे तीन बच्चा सम्मिलित छथि। प्राप्त जनतबक अनुसार ई परिवार बिहारक रहएवला अछि।

———————————————————————————

रेलवे होलीक दरमियान यात्री सभक सुविधाक लेल पाँच सय चौवालीस विशेष रेलगाड़ीक परिचालन कऽ रहल अछि। रेल मंत्रालय जनौलक जे ई रेलगाड़ी सभ देशक प्रमुख स्थानक लेल चलत। विशेष ट्रेन दिल्ली सँ पटना, भागलपुर, मुजफ्फरपुर आ सहरसाक अतिरिक्त गोरखपुर–मुम्बई, कोलकाता–पुरी, गुवाहाटी–राँची आ नव दिल्ली–श्रीमाता वैष्णोदेवी कटराक लेल चलाओल जा रहल अछि। मंत्रालय जनौलक जे एहि बेर होलीक दरमियान पछिला वर्षक मोकाबिला मे दू सय उन्नैस अधिक रेलगाड़ी चलाओल जायत। यात्री लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल प्रमुख स्टेशन सभ पर अतिरिक्त रेलवे सुरक्षा बलक तैनाती कयल गेल अछि। रेलगाड़ी सभक सुचारू परिचालनक लेल प्रमुख स्टेशन सभ पर अधिकारी सभक आपात ड्यूटी लगाओल गेल अछि।

———————————————————————————

पूर्व–मध्य रेलवे तकनीकि कारण सँ आइ एक्कैस मार्च सँ एकतीस मार्च धरि पाँच जोड़ी पैसेंजर रेलगाड़ी सभक परिचालन रद्द कऽ देल गेल अछि। एहि मे बरौनी–समस्तीपुर डेमू पैसेंजर स्पेशल, सोनपुर–छपरा मेमू पैसेंजर स्पेशल आ समस्तीपुर–मुजफ्फरपुर मेमू पैसेंजर स्पेशल ट्रेन सम्मिलित अछि। ओतहि, दानापुर–बरौनी मेमू पैसेंजर स्पेशल ट्रेनक आंशिक समापन मोकामा आ पटना–बरौनी मेमू पैसेंजर स्पेशल ट्रेनक आंशिक समापन विद्यापति धाम मे कयल जायत।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।